

MINISIPALITE VIL BOSTON

Gid Pou Degèpisman



City of Boston
Mayor Martin J. Walsh



NEIGHBORHOOD
DEVELOPMENT

PREMYE TI KONSÈY POU LOKATÈ

MINISIPALITE Vil Boston te kreye gid sa a pou ede ou konprann pwosesis degèpisman an, ki se depasman pèmananyonlokatènananyonpwopriyetelokasyon.

Degèpisman se yon pwosesis legal ki serye, epi li kapab difisil pou debouye ou ladan. Ou bezwen konnen dwa legal ou yo, pou konprann etap yo pandan tout pwosesis la, epitou ou bezwen konnen kote pou ale pou jwenn resous ak èd.

Degèpisman gen anpil etap ladan, men li kapab rapid anpil. Chèche enfòmasyon. Chèche jwenn èd.

Konsève yon kopi Dokiman enpòtan yo

Si ou gen yon kontra lwaye oswa yon akò pou lokasyon, konsève yon kopi ladan ansanm avèk kopi nenpòt avi oswa imèl ou resevwa nan men pwopriyetè kay la.

Mande Resi

Lè ou peye lwaye ou, oswa lè ou bay yon depo garanti, mande yon resi.

Kominike

Si ou pa kapab fè peman lwaye ou, pale avèk pwopriyetè kay ou konsènan yon plan ranbousman. Si ou depase kantite tan ki nan kontra lwaye ou, eksplike pwopriyetè kay la kijan ou planifye pou rezoud sa. Si pwopriyetè kay ou pwopoze yon ogmantasyon pri lwaye ou epi ou pa gen mwayen pou peye nouvo pri lwaye a, mande si pwopriyetè kay la ap aksepte yon pi piti ogmantasyon, oswa youn ki ogmante tan ou pase anplis nan apatman an.

Avi pou Kite Apatman an Dwe prezante Alekri

Si pwopriyetè kay ou di ou dwe kite apatman an, sonje li dwe ba ou yon Avi alekri pou kite apatman an epi, pwopriyetè kay ou dwe swiv yon pwosesis legal, tankou ale nan tribinal, pou li kapab degèpi ou.

Se sèl yon Jij Ki Kapab Degèpi ou

Se sèl yon jij ki kapab bay lòd pou oumenm ak fanmi ou soti nan apatman ou. Li ilegal pou yon pwopriyetè kay fèmen ou deyò apatman an oswa pou li eseye fòse soti nan apatman an lè li dekonekte sèvis piblik yo.

Pa Rate Prezantasyon Ou nan Tribinal

Si ou resevwa yon dokiman ki gen tit asiyasyon pou Prezante nan Tribinal ak Plent, ale nan tribinal. Si ou pa prezante nan tribinal, tribinal la ap pran yon desizyon k ap anfavè pwopriyetè kay la epi y ap òdone yon degèpisman kont ou.

Chèche Jwenn Èd Legal

Kèk òganizasyon ki bay sèvis legal òganize klinik jiridik oswa bay èd legal gratis epitou yo kapab ede ou ranpli fòm yo, depoze dokiman legal ("mosyon"), oswa negosye yon rezolisyon.

Rele Biwo pou establi Lojman (Office of Housing Stability) Vil Boston nan nimewo 617-635-4200

Nou kapab ede ou konprann pwosesis degèpisman an epi nou gen mwayen pou ede ou jwenn aksè legal, èd finansye oswa lòt èd, tankou sèvis medyasyon pou pri ki ba oswa gratis

ETAP KI GENYEN NAN YON PWOSESIS DEGÈPISMAN

ANVAN OU ALE NAN TRIBINAL

- ETAP 1: PWOPRIYETÈ KAY LA BAY LOKATÈ A YON AVI ALEKRI**
Lokatè a resevwa Avi pou Kite Apatman an. Avi a endike lokasyon apatman an fini.
- ETAP 2: PWOPRIYETÈ KAY LA KÒMANSE DOSYE TRIBINAL LA**
Lokatè a resevwa Asiyasyon pou ale nan Tribinal ak Plent lan, ki endike reklamasyon Pwopriyetè Kay la, epi kilè ak ki kote moun ki konsène yo dwe prezante pou tribinal la.
- ETAP 3: LOKATÈ BAY REPONS POU DOSYE PWOPRIYETÈ KAY LA**
Lokatè a kapab bay repons li depi li depoze dokiman legal ki endike pwendvi li nan dosye a
- ETAP 4: PREPARASYON POU PWOSE**
Lokatè a kapab prepare pou pwose a lè li rasanble dokiman yo ak temwen li yo.

PANDAN OU NAN TRIBINAL

- ETAP 5: PREZANTASYON NAN TRIBINAL**
Lokatè a dwe ale nan tribinal nan dat ak lè ki endike nan Asiyasyon pou Prezante nan Tribinal ak Plent lan. Si lokatè a pa ale nan tribinal, jij la kapab bay lòd pou yon degèpisman
- ETAP 6: LOKATÈ A AK PWOPRIYETÈ KAY LA KAPAB JWENN YON AKÒ MEDYASYON/NEGOSYASYON**
Nan dat pwose a, lokatè yo kapab rezoud ka yo nan medyasyon oswa negosyasyon olye yo ale nan yon pwose.
- ETAP 7: LOKATÈ A AK PWOPRIYETÈ KAY LA KAPAB GEN YON PWOSE**
Si moun ki konsène yo ale nan yon pwose, yon jij oswa yon jiri ap tandè sa ki te pase nan ensidan epi y ap revize prèv yo.

APRE TRIBINAL

- ETAP 8: JIJ LA OSWA JIRI A AP PRAN YON DESIZYON**
Nan fen pwose a, jij la oswa jiri a ap deside kimoun ki genyen nan dosye a.
- ETAP 9: MOUN KI PÈDI A AP KONTESTE DESIZYON AN**
Moun ki pèdi a kapab konteste desizyon an.
- ETAP 10: JIJ LA AP BAY LÒD POU SOTI NAN APATMAN AN**
Si pwopriyetè kay la genyen pwose a epi pa gen kontestasyon ki bay bon rezilta, jij la ap bay yon dokiman legal k ap pèmèt yon cherif oswa yon ajan lapolis mete ou deyò nan apatman an.
- ETAP 11: LOKATÈ A RESEVWA AVI POU KITE APATMAN AN**
Anvan cherif la oswa ajan lapolis la mete ou deyò nan apatman an, li dwe ba ou yon Preyavi pou 48 Èdtan/Avi pou Soti nan Apatman an.
- ETAP 12: YO METE LOKATÈ A AK SA LI POSEDE DEYÒ NAN APATMAN AN**
AApre Preyavi pou 48 Èdtan an, cherif la oswa ajan lapolis la kapab retire afè ou yo nan apatman an your belongings must be stored. epitou yo kapab chanje seri pòt la. Gen règ pou kote ak kantite yo dwe mete afè ou yo nan depo.

ÈD LEGAL

SÈVIS LEGAL

Gen yon kantite òganizasyon ak resous sèvis legal ki kapab ede ou si ou fè fas a yon degèpisman.

Sèvis Legal nan Boston Metwopoliten (Greater Boston Legal Services, GBLS)

GBLS bay èd legal gratis pou lokatè ki pa touche ase revni nan Boston Metwopoliten. Si ou bezwen èd legal, rele nimewo 617-371-1234 pou pale avèk yon avoka. GBLS òganize yon klinik nan jou lendi yo pou ede lokatè yo bay repons pou yon ka degèpisman; li pi bon pou rele nimewo 617-371-1234 pou fè yon rezèvasyon.

Biwo Èd Legal Harvard (HARVARD Legal Aid Bureau, HLAB)

HLAB bay èd legal gratis pou lokatè ki pa touche ase revni nan Boston Metwopoliten. Si ou bezwen èd legal, rele nimewo 617-495-4408. HLAB se yon òganizasyon ki gen etidyan k ap dirije li epi li anba sipèvizyon avoka k ap pratike, epitou li ka pa aksepte nouvo ka pandan vakans lete a, oswa lè lekòl p ap fonksyone.

Volunteer Lawyer's Project (VLP)

VLP bay èd nan ka degèpisman pou lokatè ki pa touche ase revni ak pwopriyetè kay ki posede pwopriyete yo epi k ap viv ladan. Kontakte VLP nan nimewo 617-603-1700 avèk Admisyon Legal nan Rejyon Lès (Eastern Region Legal Intake) ant 9:00 AM ak 12:00 PM, depi lendi jiska vandredi. VLP kapab detèmine si ou kalifye pou sèvis legal yo epi yo kapab ba ou enfòmasyon oswa konsèy.

Chèche Jwenn Èd Legal

Sitwèb MassLegal Help bay enfòmasyon itil sou pwosesis degèpisman an ak fòm ki fasil pou itilize pou ede ou bay repons pou yon degèpisman. Ale sou sitwèb: www.masslegalhelp.org.

Avoka pou Pwogram Lajounen nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman

Avoka yo ofri èd Legal gratis pou lokatè ak pwopriyetè kay ki pa touche ase revni nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman nan Boston lematen nan jou mèkredi ak jedi. Si ka degèpisman ou se nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman y ap tande l, pale avèk avoka k ap travay nan pwogram nan pou jou sa a.

Biwo Enfòmasyon Sèvis nan Tribinal

Gen yon Biwo Enfòmasyon Sèvis nan Tribinal ki nan Dezyèm Etaj Edward Brooke Courthouse (Tribinal ki Okipe Afè Lojman nan Boston). Biwo Sèvis nan Tribinal la kapab ba ou enfòmasyon si y ap tande ka degèpisman ou nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman nan Boston.

Asosyasyon Bawo Massachusetts (Massachusetts Bar Association, MBA):

Asosyasyon Bawo Massachusetts ap dirije yon Pwogram Referans pou Avoka. Sèvis referans lan gratis, men avoka yo ap mande ou pou peye yon frè. Rele nimewo 617-654-0400 pou jwenn plis enfòmasyon.

LÒT RESOUS

ÈD NAN LOJMAN AK PLIS

Gen yon kantite lòt òganizasyon ki kapab bay èd si ou fè fas a yon degèpisman, tankou èd pou chèche kay, ak/oswa èd finansye.

Patenarya ak Afè Lojman nan Metwopoliten nan Boston (Metropolitan Boston Housing Partnership (MBHP))

MBHP bay sesyon enfòmasyon sou rechèch Lojman epi yo administre RAFT, Èd nan lwaye pou Fanmi ki nan Tranzisyon, pou ede estabilize lojman yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram MBHP yo, rele nimewo 617-859-0400.

Homestart

Homestart ofri konsèy pou chèche lojman pou fanmi ki pa touche ase revni epi yo kapab bay èd pou lwaye pou fanmi k ap viv nan pwopriete sibvansyone epi ki fè fas a yon degèpisman. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Homestart yo, rele nimewo 617-542-0338.

Pwogram Pou Konsevasyon Lokasyon (Tenancy Preservation Program (TPP))

TPP se yon pwogram prevansyon pou moun pa vin sanzabri. Yo travay avèk lokatè ki anba lòd pou degèpisman akòz konpòtman ki asosye avèk yon andikap. Tribinal oswa yon founisè sèvis sosyal bay lokatè yo referans nan pwogram sa a souvan.

Komisyon pou Moun Aje, Vil Boston (Elderly Commission, City of Boston)

Elderly Commission kapab bay konsèy ak enfòmasyon sou resous lojman pou sitwayen Boston ki gen laj 55 ane ak plis. Pou jwenn plis enfòmasyon sou resous Elderly Commission ak patnè referans li yo, rele nimewo 617-635-4366.

Kèk lòt òganizasyon ki pa komèsyal oswa ajans kapab bay èd finansye oswa resous pou lojman; rele **Biwo pou Estabilite Lojman (Office of Housing Stability) pou kesyon ou genyen: 617-635-4200.**

REKONESANS

*Majistra Martin J. Walsh &
Depatman Devlopman Katye (Department of Neighbourhood Development)
Nou gen rekonesans pou North-eastern University Law School ak
etidyan Legal Skills in Social Context Social Justice Program
ki gen travay yo sou pwojè a
Frajilite nan Estabilite Dwa Lokatè yo nan Boston
ki te yon resous presye pou
Biwo pou Estabilite Lojman ak Gid sa a pou Degèpisman.*

ANVAN TRIBINAL

ETAP 1: PWOPRIYETÈ KAY LA BAY LOKATÈ A YON AVI ALEKRI

Pou kòmanse pwosesis degèpisman an, pwopriyetè kay la oswa mèt kay la dwe ba ou yon Avi pou Kite apatman an. W ap jwenn yon egzanp Avi pou Kite yon apatman nan paj 8 gid sa a. Avi pou Kite an se yon dokiman ekri ki endike:

- Entansyon pwopriyetè kay la pou fini lokasyon an.
- Rezon ki fè pwopriyetè kay ou ap fini lokasyon an, si gen youn.
- Kantite jou jouk lè lokasyon an fini, pi souvan se 14 jou oswa 30 jou. Peryòd tan sa a rele “peryòd preyavi.”

Anjeneral pwopriyetè kay yo kòmanse yon pwosesis degèpisman pou twa rezon:

- **Lokatè a pa peye lwaye a.** Lokatè a pa peye kantite lajan pri lwaye lite dakò pou peye a. Anjeneral, peryòd preyavi pou si lokatè a pa peye lwaye ase 14 jou. Kèk pwogram lojman ki sibvansyone oswa kupon egzije pou gen yon peryòd preyavi pi long.
- **Vyolasyon kontra lwaye.** Ou vyole kondisyon kontra lwaye a. Sa kapab vyolasyon yon kondisyon kontra lwaye a ki asosye avèk ebèjman envite, fimèn, bwi, bèt kay aktivite kriminel oswa lòt kondisyon kontra lwaye a. Sa ka rele degèpisman pou yon “kòz”.
- **San-fot.** Si ou pa gen yon kontra lwaye alekri, pwopriyetè kay la pa kapab fini lokasyon ou epi li pa kapab kòmanse pwosesis degèpisman an menmsi ou te peye lwaye a alè ak swiv règ yo. Gen degèpisman san-fot souvan lè; pwopriyetè kay ou ta renmen vann pwopriyete a, modènize pwopriyete a, kite manm fanmi li vin viv nan pwopriyete a oswa ogmante pri lwaye a. Peryòd preyavi pou yon degèpisman san-fot se omwen 30 jou.

Yon cherif oswa yon ajan lapolis kapab remèt ou Avi pou Kite apatman an, li kapab kite avi a nan apatman oswa li kapab voye avi a ba ou pa lapòs.

KONSÈY POU LOKATÈ: AVI POU KITE APATMAN

Avi pou Kite apatman an ka itilize langaj ki di “vacate” oswa “quit” epi ou ka resevwa li nan apatman an. Men ou kapab -- men pa oblije pou -- soti nan apatman an nan dat sa a. Pwopriyetè kay la dwe swiv yon pwosesis legal pou degèpi ou.



ANVAN TRIBINAL

PA FÈ TANKOU OU PA RESEVWA YON AVI POU KITE APATMAN AN. FÈ ETAP SA YO:

Si ou te resevwa yon Avi pou Kite apatman ou poutèt ou pa peye lwaye a:

- Si ou te peye lwaye a, chèche jwenn resi ou yo epi revize yo avèk pwopriyetè kay ou.
- Si ou anreta nan peman lwaye ou, peye sa ou dwe a. Si pwopriyetè kay la p ap pran lajan peman lwaye a, note sa nan yon lèt w ap voye pa Lapòs Etazini avèk demann pou yo retounen yon resi ba ou. Sonje pou konsève yon kopi lèt sa a, epi pou rezève lajan peman lwaye a nan yon kont.
- Si ou anreta nan peman lwaye ou, epi ou bezwen tann pou peye, pale avèk pwopriyetè kay ou sou fason pou fè yon plan rezonab pou peye; ajans yo oswa òganizasyon ki pa komèsyal kapab ba ou èd finansye.
- Si ou gen yon kupon epi ou te pèdi revni ou, fè ofisye lokasyon an konnen sa epi fè pwopriyetè ou konnen w ap chèche yon ajisteman. Ou responsab sèlman pou peye yon pòsyon lwaye a.
- Si preyavi a ba ou dwa pou mande yon rankont oswa yon odyans, mande youn.

Si ou te resevwa yon Avi pou Kite apatman ou poutèt yon vyolasyon kontra lwaye a:

- Revize kontra lwaye a pou wè li pèmèt pwopriyetè kay la degèpi ou pou rezon sa a. Si li pa fè sa, pale sa avèk pwopriyetè kay ou.
- Ofri yon solisyon ba pwopriyetè kay la ki fè ou konnen vyolasyon kontra lwaye a. Solisyon yo se ta kapab pou retire yon bèt kay oswa yon moun nan apatman, pa egzanp.
- Mande yon odyans oswa yon rankont, si avi a ba ou dwa a.
- Si ou gen yon kupon, pale avèk ofisye lokasyon an. Yon degèpisman pou yon vyolasyon kontra lwaye a ka lakòz sispansyon sibvansyon ou. Mande si ta genyen kèk fason pou rezoud ka degèpisman ou.

Si ou te resevwa yon Avi San-Fot pou Kite apatman ou:

- Si pwopriyetè kay vle touche plis lajan nan lwaye a, eseye negosye yon pi piti ogmantasyon avèk li epi okenn lòt ogmantasyon nan pri lwaye a pou yon sèten peryòd.
- Si pwopriyetè kay la ap vann oswa ap fè travay modènizasyon, negosye yon ak avèk pwopriyetè kay la k ap ba ou tan ak resous konvnab pou soti nan apatman an.





ANVAN TRIBINAL

SAMPLE NOTICE TO QUIT

Tenant _____ Date _____
Address _____
City, State, Zip _____

Fourteen Days Notice to Quit for Nonpayment of Rent

Your rent being in arrears, you are hereby notified to quit and deliver up in fourteen (14) days from your receipt of this notice, the above described premises now held by you as my tenant.

If you fail to so vacate, I shall employ the due course of the law to evict you.

Signed by landlord or attorney

Reservation of Landlord's Rights

All monies paid to the landlord after your receipt of this notice will be accepted as use and occupancy and not as rent, without waiving any right to possession of the premises, and without any intention of reinstating your tenancy or establishing a new tenancy.

Cure Rights of Residential Tenant at Will

If you are a tenant at will, and if you have not received a Notice To Quit for Nonpayment of Rent within the last twelve months, you have a right to prevent termination of your tenancy by paying or tendering to your landlord, or your landlord's attorney, or to the person to whom you customarily pay your rent, the full amount of rent due within ten days after your receipt of this notice.

Cure Rights of Residential Tenant under Lease

If you are a tenant under an unexpired written lease, and you have not received a Notice to Quit for Nonpayment of Rent within the last twelve months, you have a right to prevent termination of your tenancy by paying or tendering to your landlord, or landlord's attorney, or the person to whom you customarily pay your rent, the full amount of rent due within ten days after your receipt of this notice, CHAPTER 494, ACT OF 1977.



ANVAN TRIBINAL

ETAP 2: PWOPRIYETÈ KAY LA KÒMANSE DOSYE TRIBINAL LA

Lè peryòd preyavi a (egzanp, 14 jou, oswa 30 jou yo) fini, pwopriyetè kay la kapab kòmanse pwosesis degèpisman an nan tribinal. Pwopriyetè kay la ap kòmanse pwosesis degèpisman an lè li ba ou yon dokiman legal ki rele Asiyasyon pou Prezante nan Tribinal ak Plent. Ou ta dwe resevwa yon Asiyasyon pou Prezante nan Tribinal ak Plent fas-a-fas oswa nan apatman ou.

Gen yon fòm pou Fè Asiyasyon pou Prezante nan Tribinal ak Plent estanda ki se yon dokiman senp ki gen de bò. Gen yon egzanp fòm estanda sa a nan paj 10 ak 11. (11 ak 12) make sure the page numbers correspond where the forms are

KONSÈY POU LOKATÈ: PA FÈ TANKOU OU PA RESEVWA YON ASIYASYON POU PREZANTE NAN TRIBINAL AK PLENT

Men sa l ap fè ou konnen

- Lè ou dwe prezante nan tribinal pou pwosè a.
- Kote pou prezante pou pwosè a, ansanm ak non ak adrès tribinal la.
- Lè lokatè a dwe bay repons li (ansanm ak yon repons, kont-reklamasyon ak/oswa kominikasyon dokiman yo).
- Kantite lajan lwaye, si genyen, ou dwe pwopriyetè kay la.

ANVAN TRIBINAL

Commonwealth of Massachusetts
SUMMARY PROCESS (EVICITION) SUMMONS AND COMPLAINT

____ Department ☐ Residential Docket No. _____
____ Division ☐ Commercial (To be added by clerk's office)
____ ss Entry Date: _____

NOTICE OF A COURT CASE TO EVICT YOU - PLEASE READ IT CAREFULLY
ESTA ES UNA NOTIFICACION DE UN CASO EN CORTE PARA DESALOJARLE -
FAVOR DE LEER EL MISMO CON CUIDADO

TO DEFENDANT(S)/TENANT(S)/OCCUPANT(S): _____

ADDRESS: _____ CITY/TOWN: _____ ZIP: _____

You are hereby summonsed to appear at a hearing before a Judge of the Court at the time and place listed below:

DAY: _____ DATE: **TRIAL DATE** TIME: _____ COURT NAME: _____

COURT ADDRESS **APPEAR AT THE COURT LISTED HERE** ROOM: _____

to defend against the complaint of PLAINTIFF/LANDLORD/OWNER: _____

_____ of

STREET _____ CITY/TOWN: _____ ZIP: _____

that you occupy the premises at _____

being within the judicial district of this court, unlawfully and against the right of said Plaintiff/Landlord/Owner

because: _____

and further, that \$ _____ rent is owed according to the following account:

WITNESS:

ACCOUNT ANNEXED (itemize)

First or Chief Justice

Printed Name of Plaintiff or Attorney

Signature of Plaintiff or Attorney

Date of Signature of Plaintiff or Attorney

Address of Plaintiff or Attorney

Telephone Number of Plaintiff or Attorney

**ALL PARTIES MUST
APPEAR IN COURT ON
THE TRIAL DATE.**

NOTICE TO EACH DEFENDANT/TENANT/OCCUPANT: At the hearing on **TRIAL DATE** you (or your attorney) must appear in person to present your defense. You (or your attorney) must also file a written answer to this complaint. An answer is your response stating the reason(s) why you should not be evicted and may, in residential cases, include any claims you have against the Landlord. (An Answer Form is available in the clerk's office whose telephone number is **CLERK'S PHONE NO.**) You must file (deliver or mail) the answer with the court clerk and serve (deliver or mail) a copy on the landlord (or landlord's attorney) at the address shown above. **The Answer must be received by the court clerk and received by the landlord (or the landlord's attorney) no later than Monday, ANSWER DUE DATE,** which is the first Monday after the "entry date" listed above. The entry date is the day by which your landlord must file this complaint with the court clerk.

Page 1 of 2 Pages

**THE ANSWER & DISCOVERY
DEADLINE IS TYPED HERE.
SAMPLE FORMS ARE AVAILABLE**

ANVAN TRIBINAL

NOTICE TO EACH DEFENDANT/TENANT/OCCUPANT: IF YOU DO NOT FILE AND SERVE AN ANSWER, OR IF YOU DO NOT DEFEND AT THE TIME OF THE HEARING, JUDGMENT MAY BE ENTERED AGAINST YOU FOR POSSESSION AND THE RENT AS REQUESTED IN THE COMPLAINT.

SI USTED NO REGISTRA O NOTIFICA UNA CONTESTA, O SI USTED NO PRESENTA UNA DEFENSA A LA HORA DE LA AUDIENCIA, UNA SENTENCIA PUEDE SER REGISTRADA EN SU CONTRA PARA POSECCION Y POR LA RENTA REQUERIDA EN EL RECLAMO.

To the Sheriffs of our several counties, or their Deputies, or any Constable of any City or Town within said Commonwealth, GREETINGS: We command you to summon the within named defendant(s)/tenant(s)/occupant(s) to appear as herein ordered.

Clerk-Magistrate

Officer's Return

**THE SUMMONS AND COMPLAINT MUST BE
SERVED BY SHERIFF, CONSTABLE OR
DISINTERESTED THIRD PARTY**

_____, ss City/Town: _____ Date: _____

By virtue of this Writ, I this day served the within-named tenant or occupant, and summonsed him/her as herein directed, by giving in hand to _____

or leaving it at _____ the last and usual place of abode.

A copy of this summons was mailed first class to each tenant/occupant at the address on: _____.

Fees for Service:

Service \$ _____
Copy/Attest _____
Travel _____
Use of Car _____
Mailing _____

TOTAL \$ _____

Signature of Officer

Printed Name of Officer

Address of Officer

Telephone Number of Officer

NOTICE TO PLAINTIFF/LANDLORD/OWNER: Have the Officer complete and return above. Service must be made on the defendant(s) no later than the seventh day and not earlier than the thirtieth day before the Monday entry date. This form must be filed in court no later than the close of business on the scheduled Monday entry date. In appropriate cases, proper evidence of notice to quit must be provided to this court upon the filing of this complaint. See Uniform Summary Process Rule 2(d). According to Uniform Summary Process Rule 2(e), the hearing date is the second Thursday after the entry date. In some courts, the hearing date is the second Monday, third Tuesday, third Wednesday, or second Friday.

Amended effective: 09/01/05

Page 2 of 2 Pages

**IF YOU RECEIVE A SUMMONS AND COMPLAINT AND HAVE
QUESTIONS, CALL THE OFFICE OF HOUSING STABILITY: 617-635-4200**

ANVAN TRIBINAL

ETAP 3: LOKATÈ BAY REPOUS POU DOSYE PWOPRIYETÈ KAY LA

Lè ou se yon lokatè, ou gen dwa pou reponn dosye pwopriyetè ou fè. Repons ou ka gen ladan depo dokiman ki endike anba la yo:

- **Repons:** Repons ak defans lokatè a pou reklamasyon pwopriyetè kay la fè nan plent lan.
- **kont-Reklamasyon.** Reklamasyon lokatè a genyen kont pwopriyetè kay la. Kont-reklamasyon yo, si yo gen siksè, kapab redui kantite lajan ou dwe oswa yo ka menm vle di pwopriyetè kay la dwe ou lajan. Ou pa gen dwa pou prezante kont-reklamasyon si pwopriyetè kay la ap degèpi ou pou yon vyolasyon kontra lwaye a.
- **Mosyon pou Anile.** Yon demann lokatè a fè ba tribinal pou anile dosye pwopriyetè kay la. Si mosyon an gen siksè, sa ap mete yon pwen final nan dosye pwopriyetè kay la, oswa sa ap egzije li pou re-kòmanse pwosesis la.
- **Kominikasyon Dokiman yo.** Yon demann pwopriyetè kay la fè pou li jwenn plis enfòmasyon. Depo dokiman pou bay yo alè ap otomatikman ranvwaye dat pwosè a nan de semèn, men l ap sispann degèpisman an raman.

Gen kèk egzanp fòm repons ki disponib. Sitwèb Mass Legal Help ofri kèk Fòm modèl Repons Kont-Reklamasyon, Mosyon pou Anile ak Kominikasyon Dokiman, avèk modèl ki fasil pou itilize. Tribinal Massachusetts ofri anpil kalite fòm degèpisman, ansanm ak yon Fòm Repons.

Anba la a, nou seleksyone kèk defans, kont-reklamasyon ak rezon komen pou yon mosyon pou anile ou kapab itilize. Si ou gen nenpòt kesyon sou si ou ta dwe deklare yon defans oswa reklamasyon patikilye, mande yon avoka, oswa yon òganizasyon sèvis legal.

Defans Komen yo

1. **Vis-de-fòm oswa pa gen Avi pou Kite apatman an.** Pwopriyetè kay la pa t bay lokatè yon Avi pou Kite apatman an oswa Avi pou Kite apatman an pa gen tout enfòmasyon obligatwa yo.
2. **Rezime Plent Pwosesis la gen yon Vis-de-fòm.** Sa kapab gen ladan, pa egzanp, non moun nan apatman an ki gen fot nan òtograf li, ki endike yon diferan rezon pou degèpisman an nan Avi pou Kite apatman an ak Rezime Plent Pwosesis la, oswa depo Asiyasyon pou Prezante nan Tribinal ak Plent anvan peryòd preyavi a fini.
3. **Diskriminasyon Ilegal.** Diskriminasyon se move tretman ilegal ki baze sou ras, koulè, kwayans relijye, peyi kote moun nan soti, si moun nan se gason oswa fanm, preferans seksyèl, laj, zansèt, eta sivil, andikap, prezans timoun minè oswa simoun an ap resevwa èd piblik oswa yon sibvansyon pou lwaye. Li kapab gen ladan refi pou lwe oswa refi pou ofri pou lwe sou diferan kondisyon.

ANVAN TRIBINAL

4. **Refi/dwa pou yon Aranjman rezonab.** Lokatè yo gen dwa pou aranjman rezonab si yomenm oswa yon manm fanmi yo gen yon andikap. Yon aranjman rezonab se yon chanjman nan yon règ oswa règleman ki pèmèt yon moun ki gen yon Andikap jwi apatman nèt.
5. **Degèpisman se yon Vanjans.** Pwopriyetè kay la pa kapab fè vanjans kont ou paske ou egzèse dwa legal ou.
6. **Lokasyon an Rekòmanse.** Lokatè a te peye kantite lajan li dwe anvan Dat pou li bay Repons lan oswa moun ki konsène yo nan pwosè a te siyen yon nouvo kontra lwaye.
7. Pa gen vyolasyon ki Grav nan Kontra Lwaye a. Vyolasyon an te minè oswa yo kapab korije li nan mwayen ki pa degèpisman.

Kont-Reklamasyon Komen (nan Degèpisman poutèt lokatè a pa peye Lwaye a oswa nan Degèpisman San-Fot)

1. Vyolasyon kont Garanti Anviwònman Abitab. Pwopriyetè kay la pa t bay lojman ki pwoteje ak respektab, pa egzanp, pa gen dlo cho nan sezon livè, pa gen dlo ak/oswa dlo cho, gen pinèz, sourit, oswa lòt bèt nuizib.
2. Vyolasyon kont Jwisans Trankil. Pwopriyetè kay la te deranje ou nan itilizasyon apatman an san rezon. Men kèk egzanp: pwopriyetè kay la pa ranfòse règ pwopriyete kont bri oswa fimen; li antre nan apatman an pou rezon ki pa valab oswa san avi kòrèk.
3. Vyolasyon kont Lwa konsènan Depo Garanti. Pwopriyetè kay la pa t konsidere yon depo garanti legalman oswa li pat retounen lajan depo garanti a ba lokatè a.
4. Pri lwaye oswa Ajisteman Pri Lwaye ki pa Kòrèk. Pou lokatè ki nan lojman sibvansyone oswa lojman piblik, pri lwaye pat fikse oswa ajiste avèk presizyon epi pwopriyetè kay la ap chèche touche lajan ou pa dwe li.

Rezon Debaz ki Komen yo pou Mosyon pou Anile

1. Ou pa t resevwa yon Avi pou Kite apatman an. Pwopriyetè kay ou dwe ba ou yon Avi pou Kite apatman an anvan li depoze yon dosye nan tribinal.
2. Pwopriyetè kay la te kòmanse Pwosesis Tribinal twò bonè. Ou te resevwa Rezime Plent Pwosesis la anvan peryòd tan ki endike nan Avi pou Kite apatman an.
3. Ou te ranbouse yon peman ou pa t fè. Ou gen yon kontra lwaye ekri epi ou te peye tout lwaye ou te dwe a.
4. Refi pou Dwa pou Avi ak Odyans. Pwopriyetè kay la pa t swiv egzijans pou ba ou avi oswa egzijans anvan tribinal ou jwenn nan lokasyon yon lojman piblik oswa yon lojman ki sibvansyone.

ANVAN TRIBINAL

Fason pou Depoze Repons lan Kont-Reklamasyon an, oswa Kominikasyon Dokiman yo

- **Kilè:** Lokatè a dwe remèt Repons lan (ak Kont-Reklamasyon yo) ba tribinal la ak pwopriyetè kay la (oswa avoka pwopriyetè kay la) anvan dat ki endike nan kaz ki anba Asiyasyon pou Prezante nan Tribinal ak Plent lan (gade modèl ki anwo a). Anmenmtan, ou dwe depoze Kominikasyon Dokiman yo nan tribinal pa pita lendi ki vini anvan dat pwosè a epitou pou bay li pou pwopriyetè kay la oswa avoka pwopriyetè kay la.
- **Ki Kote:** Ou dwe remèt Repons lan (ak Kont-Reklamasyon yo) ba tribinal la ak pwopriyetè kay la oswa Avoka pwopriyetè kay la. Avoka pwopriyetè kay la ka aksepte yon kopi nan imèl oswa faks.
- **Frè pou peye.** Pa gen frè pou lokatè a peye pou li depoze yon Repons, oswa Kont-Reklamasyon oswa Kominikasyon Dokiman.

KONSÈY POU LOKATÈ: TRANSFÈ YON DOSYE NAN TRIBINAL KI OKIPE AFÈ LOJMAN NAN BOSTON

Si pwopriyetè kay ou depoze yon rezime dosye pwosesis nan youn nan divizyon Tribinal Distri Tribinal Minisipal Boston, ou gen dwa pou transfere dosye a nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman nan Boston. Ou kapab jwenn Divizyon Tribinal la nan kwen gòch anlè Asiyasyon pou Prezante nan Tribinal ak Plent lan.

Pou kisa transfè a?

- Jij Tribinal ki Okipe Afè Lojman nan Boston tandè dosye lojman sèlman.
- Ekip Grefye a gen yon pi bon espètiz nan afè lojman.
- Medyasyon ak èd legal disponib nan Pwogram Avoka pou Jou a.

Fason pou transfere: Ranpli fòm Avi pou Transfè a (li disponib sou sitwèb Mass Court) epi ranpli li nan twa kote: Tribinal Distri; Tribinal ki Okipe Afè Lojman; epi avèk pwopriyetè kay la (avoka pwopriyetè kay la).

Ou dwe ranpli fòm Avi pou Transfè nan jou anvan dat orijinal pou ale nan tribinal la. Pa gen frè pou peye pou transfere yon ka ki la deja nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman.



ANVAN TRIBINAL

ETAP 4: PREPARASYON POU PWOSÈ

Anvan ou ale nan tribinal la, prepare ou.

Ou ta dwe gen tout dokiman administratif ak temwen ki pare pou tribinal la. Jij yo ka pa ou plis tan oswa yon nouvo pwosè paske ou kite dokiman administratif yo lakay ou.

Ou kapab òganize dokiman administratif ou yo ak nenpòt temwen davans. Sa ka vle di pou enprime kominikasyon ou yo, pou mande nenpòt sitasyon Depatman Sèvis Enspeksyon (Inspectional Services Department, ISD) oswa yon lòt ajans te ba ou, pou òdone dokiman administratif ou yo nan yon fason lojik epitou pou prepare kesyon yo pou temwen ou yo ak temwen ou espere pwopriyetè kay ou pral rele (tankou yon manadjè pwopriyete a).

KONSÈY POU LOKATÈ: SA POU POTE NAN PWOSÈ A

- Kèk kopi kontra lwaye a
- Resi peman yo nan yon ka ki pa konsène peman
- Foto oswa dokiman ekri eta nenpòt apatman ki konsène nan pwosè a
- Sitasyon ou te resevwa nan Depatman Sèvis Enspeksyon, si eta apatman an konsène nan pwosè a
- Nenpòt lèt, imèl, oswa kominikasyon ki montre sa ou te ofri pou rezoud plent pwopriyetè kay la ka genyen avèk ou (si ou pa peye lwaye a, si ou bèt kay nan apatman an, elatriye.). Sonje pou pote resi pou nenpòt lèt ou te voye sou fòm kourye anrejistre.



NAN TRIBINAL

ETAP 5: PREZANTASYON NAN TRIBINAL

Li enpòtan pou prezante nan tribinal nan dat ak lè ki endike nan nenpòt avi tribinal la; si ou Pa Ale nan tribinal, sa kapab lakòz ou pèdi lojman an.

Prezantasyon nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman nan Boston

Tribinal ki Okipe Afè Lojman nan Boston chita nan 24 New Chardon Street (Edward W. Brooke Courthouse). W ap gen pou pase nan sekirite pou antre. Sonje pou kite anpil tan pou pase nan sekirite a, pou anrejistre non ou epi pou jwenn yon plas nan sal odyans lan.

Lokatè yo ta dwe monte nan Senkyèm Etaj pou yo anrejistre non yo epi pou yo konfime asiyasyon yo nan sal

odyans lan. Lè tribinal la kòmanse, jij yo ap dirije odyans lan epi y ap eksplike ou pwosesis Tribinal ki Okipe Afè

Lojman.

Lè jij yo fini, grefye ki nan chak sal odyans ap rele non moun ki konsène yo ki pwograme pou prezante nan sal odyans lan nan moman an. Pandan grefye a ap rele non moun ki konsène yo, l ap mande si moun ki konsène yo ta renmen patisipe nan medyasyon. Lè grefye a rele non ou, ou ta dwe reponn awotvwa epi pale aklè pou fè li konnen ou prezan epi pou di li si ou vle patisipe nan medyasyon.

KONSÈY POU LOKATÈ: GEN ÈD LEGAL KI DISPONIB; KONNEN KOTE POU JWENN LI

Lokatè yo ka chèche èd nan tablo Avoka pou Jou a, ki gen ladan avoka òganizasyon ak volontè ki bay sèvis legal,

Ou kapab jwenn avoka sa yo deyò Tribinal ki Okipe Afè Lojman nan Boston nan senkyèm etaj la ak deyò biwo Grefye a nan Twazyèm Etaj la.

NAN TRIBINAL

Prezantasyon Nan Tribinal Distri

Si y ap tande dosye ou nan youn nan Tribinal Distri a, ale nan tribinal ki idantifye nan Asiyasyon pou Prezante nan Tribinal ak Plent lan nan jou ak lè ki endike ladan. Ou kapab espere pase nan sekirite epi ou ta dwe kite anpil tan pou jwenn tribinal la ak sal odyans ou. Konfime asiyasyon sal odyans ou avèk biwo grefye a. Jij la ap ka tande dosye ou ansanm avèk lòt afè sivil ak kriminel. Lè grefye sal odyans lan rele non ou, reponn aklè epi pale awotvwa pou di ou prezan. Si grefye a fin rele dosye yo epi li pa rele non ou, verifye avèk anplwaye sal odyans lan pou fè yo konnen ou nan sal odyans kòrèk la. Kèk Tribinal Distri yo, menmsi se pa yo tout, gen medyasyon ak/oswa sèvis legal ki disponib. Poze grefye a kesyon sou sèvis sa yo.

Lè W Pa Ale Nan Tribinal

Si ou pa prezante nan tribinal, tribinal la ap pran yon desizyon k ap anfavè pwopriyetè kay la epi y ap òdone yon degèpisman kont ou. Ou ka bezwen pa ale nan travay oswa fè aranjman pou jwenn yon lòt gadri. Si ou gen yon lòt evènman ki pa kapab pwograme, tankou operasyon oswa prezans nan yon antèman, kontakte pwopriyetè kay ou oswa avoka li pou wè si y ap aksepte ranvwaye dosye a.

Si ou pa ale nan tribinal, jij la ap antre yon desizyon ki rele yon “jijman-pa-kontimas.” Tribinal la ka voye yon kopi jijman-pa-kontimas la ba ou pa lapòs. Si ou resevwa yon jijman-pa-kontimas, ou dwe chèche èd legal avèk yon mosyon w ap depoze pou anile jijman-pa-kontimas la. Yon mosyon pou anile jijman an ap mande tribinal la pou anile jijman-pa-kontimas la epi pèmèt gen yon pwosè. Ou dwe depoze yon mosyon pou anile jijman -pa-kontimas la nan dis jou apre jijman-pa-kontimas la epitou ou dwe:

1. endike yon rezon valab poutèt ou pa t vini nan jou orijinal pou te prezante nan tribinal la; epi
2. montre ou te gen yon defans pou degèpisman an.

Si ou gen siksè nan anile jijman-pa-kontimas la, tribinal la ap bay yon egzekisyon. Egzekisyon an ap pèmèt yon ofisye lapolis oswa yon cherif mete ou ak afè ou yo deyò nan apatman an.

Si pwopriyetè kay la pa prezante, tribinal la ka anile dosye pwopriyetè kay la.

NAN TRIBINAL

ETAP 6: LOKATÈ A AK PWOPRIYETÈ KAY LA KAPAB JWENN YON AKÒ: MEDYASYON/NEGOSYASYON

Negosyasyon ak medyasyon se lòt kalite solisyon pou pwosè a ki pèmèt moun ki konsène yo jwenn yon akò pou rezoud dosye a. Ou pa gen obligasyon pou rive a yon akò. Si ou pa kapab rive jwenn yon akò, ou prale nan yon pwosè. Medyatè yo ak moun ki konsène yo dwe kenbe diskisyon yo fè nan medyasyon an konfidansyèl.

Nan yon medyasyon w ap gen yon moun endepandan ki prezan- yon medyatè - ki kapab ede moun ki konsène yo jwenn yon rezolisyon.

Kantite tan pou rete tann yon medyatè kapab long. Pwopriyetè kay la oswa avoka li yo ka vin kote ou pou mande ou si ou vle negosye yon aranjman dirèkteman. Ou ka negosye pou tèt ou kont avoka pwopriyetè kay la; sonje pou defann enterè pa ou yo.

Yo dwe mete kondisyon aranjman an alekri, toulède moun ki konsène yo dwe siyen li epitou yo dwe bay li nan tribinal la. Tribinal la kapab aplike akò ou jwenn nan aranjman an.

KONSÈY POU LOKATÈ POU YON MEDYASYON OSWA NEGOSYASYON AVÈK SIKSÈ

- Pa aksepte kondisyon ou pa konprann yo; mande medyatè a pou li eksplike ou oswa -re-ekri kondisyon ki pa klè pou ou yo.
- Si ou dakò avèk yon plan ranbousman, montre ou serye pou sa ou gen mwayen pou fè. Si ou pa fè yon peman, pwopriyetè kay ou kapab fè ou retounen nan tribinal pou mande jij la pou bay lòd pou mete ou deyò nan apatman an.
- Si ou dakò pou soti nan apatman an, sonje pou pran ase tan pou jwenn yon nouvo kote ak lajan pou fè depans pou demenajman ou (sa kapab gen ladan premye ak dènye mwa lwaye a, ak yon depo garanti nan yon nouvo kote).
- Nan yon dosye san-fot, gen sèten dwa pou mande yon “sispansyon egzekisyon” K ap pèmèt ou mande plis tan pou soti nan apatman an. Mande yon avoka ki dwa ou genyen pou yon “sispansyon egzekisyon”.
- Avoka yo ki nan lis Avoka pouJou a kapab ede negosye oswa revize yon akò.
- Si ou gen yon kupon, epi pwopriyetè kay la ap degèpi ou poutèt yon vyolasyon kontra lwaye a, ou kapab pèdi kupon an. Eseye rezoud dosye a nan yon fason ki p ap gen konsekans sou kupon ou. Pale avèk yon avoka.

NAN TRIBINAL

ETAP 7: LOKATÈ A AK PWOPRIYETÈ KAY LA KAPAB GEN YON PWOSÈ

Si moun ki konsène yo pa kapab rezoud dosye a nan medyasyon, jij la ap òganize yon pwosè. Yon pwosè se yon okazyon pou chak moun ki konsène prezante pwendvi li sou dosye a.

Pifò pwosè yo ap gen etap sa yo:

- **DEKLARASYON ENTWODIKSYON.** Yon deklarasyon entwodiksyon se yon okazyon pou toulède moun ki konsène yo rezime pwendvi yo sou istwa a nan tribinal la.
- **Prezantasyon Ka Pwopriyetè Kay la.** Pwopriyetè kay la ap prezante temwen li yo ak dokiman li yo pou kore dosye li a. Lokatè yo ap gen okazyon pou poze temwen pwopriyetè kay la kesyon epi pou konteste dokiman pwopriyetè kay la eseye prezante yo.
- **Prezantasyon Defans Lokatè a.** Lokatè a kapab prezante temwen li yo ak dokiman li yo pou kore defans li. Se yon okazyon pou lokatè a prezante prèv ki montre pou kisa pwopriyetè kay la pa ta dwe genyen dosye li. Si lokatè a te deklare kont-reklamasyon, lokatè a kapab prezante temwen ak dokiman tou pou kore kont-reklamasyon li yo. Pwopriyetè kay la ap gen okazyon pou poze temwen lokatè a kesyon ak konteste dokiman lokatè a eseye prezante nan tribinal la.
- **Deklarasyon Final yo.** Se yon okazyon pou toulède moun ki konsène yo rezime pwendvi yo sou istwa a nan tribinal la epi pou mande pou tribinal la pran yon desizyon anfavè yo.

Tribinal la ap mande tout moun ki konsène yo pou yo respekte règ pwosedi a ak prèv yo pandan pwosè a. Poutèt sa li enpòtan pou chèche konsèy oswa èd yon avoka anvan ou reprezante tèt ou nan tribinal la. Si ou nan Tribinal ki Okipe Afè Lojman nan Boston, mande pou avoka yo ki nan Lis Avoka pou Jou a pou jwenn èd.

APRE TRIBINAL

ETAP 8: JIJ LA OSWA JIRI A AP PRAN YON DESIZYON

Nan fen pwosè a, jij la oswa jiri a ap souvan pran afè a “an konsiderasyon.” Sa vle di jij la ap revize reyalite yo moun ki konsène yo prezante nan pwosè a epi l ap pran yon desizyon annapre. Desizyon jij la rele yon jijman. Tribinal la ap voye jijman an ba ou pa lapòs. Jijman an ap endike kimoun ki gen dwa pran apatman an epi ki kantite lajan, si genyen li akòde.

ETAP 9: MOUN KI PÈDI A AP KONTESTE DESIZYON AN

Si pwopriyetè kay la genyen dosye degèpisman an, men ou kwè jij la te fè yon erè, ou ka konteste desizyon. Sa ap ranvwaye degèpisman an, men ou dwe aji nan dis jou apre dat ki nan Jijman an oswa w ap pèdi okazyon pou konteste Jijman an.

Anvan ou jwenn pèmisyon pou konteste Jijman an, nòmalmman ou gen pou peye tribinal lajan pou kouvri nenpòt lwaye anreta ou dwe ak lòt frè. Sa rele yon garanti pou kontestasyon. Tribinal la ka anile garanti pou kontestasyon an. Mande Biwo Grefye a pou yo ba ou plis enfòmasyon. Pwosesis kontestasyon an konplike; li pi bon pou jwenn èd legal detaye.

COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS

SUFFOLK SUPERIOR COURT
SUCV2006-00000

MARY MOE

V.

BOSTON GENERAL HOSPITAL

NOTICE OF APPEAL

Mary Moe gives notice that she appeals from the judgment which entered against her on July 16, 2008.

Mary Moe
123 Main Street
Boston, MA 02108
617-555-1234





APRE TRIBINAL

Sispansyon Egzekisyon (nan Degèpisman San-Fot)

Si ou nan yon sitiyaşyon degèpisman san-fot, ou ka depoze yon mosyon nan tribinal la pou mande pou yo retade degèpisman an (sa ki rele sispansyon degèpisman) pou apeprè 6 mwa pou jwenn yon nouvo lojman. Biwo grefye a oswa yon òganizasyon sèvis legal kapab ede ou depoze demann sa a nan tribinal la. Si oumenm oswa yon moun lakay ou andikape oswa gen plis pase 60 tan, ou ka mande jiska 12 mwa pou jwenn yon nouvo lojman. Jij yo ka akòde plis tan pou soti nan apatman an si se pa yon dosye “san-fot” si jij la panse li apwopriye.

ETAP 11: LOKATÈ A RESEVWA AVI POU KITE APATMAN AN

Ou dwe resevwa yon avi alekri nan omwen 48 èdtan anvan dat ak lè ofisye lapolis la oswa cherif la vini nan apatman ou pou itilize egzekisyon pou mete ou ak fanmi ou deyò nan apatman an. Yo pa kapab mete ou deyò nan apatman an nan yon jou wikenn oswa jou ferye legal, epi yo kapab mete ou deyò nan apatman sèlman pandan lè biwo louvri. W ap jwenn yon egzanp Avi pou Kite apatman nan paj 23.

Si ou resevwa yon preyavi pou 48 èdtan epi ou pa t espere sa, ou ta dwe ale nan tribinal imedyatman pou chèche yon sispansyon annijans. Se ka paske te gen yon odyans tribinal ou pa t ale epi ou kapab montre ou pa t resevwa avi pou odyans lan.

Si ou te resevwa yon preyavi pou 48 èdtan epi ou bezwen yon kantite tan limite pou soti nan apatman an, ou kapab ale nan tribinal pou mande yon Lòd Restriksyon Pwovizwa (Temporary Restraining Order, TRO) pou evite degèpisman imedyat la. Gen yon frè pou peye pou depoze demann lan, men yo ka anile li pou ou selon revni ou. Si ou gen siksè sa ap sèlman ba ou kèk jou anplis (anjeneral dis jou) pou soti nan apatman an.

ETAP 12: YO METE LOKATÈ A AK SA LI POSEDE DEYÒ NAN APATMAN AN

Si ou pa retire afè ou yo nan apatman an anvan dat limit lan, demenajè yo ap vini pou retire pwopriyete ou. Yo dwe mete sa ou posede nan apatman nan yon depo. Ou kapab mande demenajè yo pou mete afè ou yo nan yon sèten kote. Preyavi pou 48 èdtan ou te resevwa a ap ba ou enfòmasyon sou depo kote afè ou yo ye, tankou:

- Enfòmasyon sou depo kote yo pral mete pwopriyete ou apre degèpisman an;
- Avi frè pou peye depo a;
- Avi ki endike depo a ka vann pwopriyete ou apre sis mwa;
- Avi ki endike pou dwe fè depo a konnen chanjman adrès ou; epi
- Avi pou fason pou reklame pwopriyete ou

Si avi ou pa mete tout atik sa yo, oswa si pwopriyetè kay ou lage afè ou yo nan lari oswa nan fatra, rele tribinal ki te bay lòd pou degèpisman ou pou yo sispann li.





APRE TRIBINAL

Date

Tenant

Apartment

Street

City, State, Zip

Forty-Eight Hours Notice to Vacate Premises

On information from the City of _____
Police Department (which is enclosed), I hereby elect to annul and void
your lease and tenancy, under the public nuisance law, Massachusetts
General Law chapter 139 § 19, effective immediately.

You have forty-eight (48) hours from the date of this notice to remove all
belongings, surrender all keys, and leave the premises.

If you fail to so vacate, I shall employ the due course of law to evict you.

Signed by landlord or attorney

The Constable

Name

Street

City, State, Zip

Telephone



APRE TRIBINAL

ABRI POU IJANS

Kalifikasyon Endividyèl. Chwa pou abri pou ijans egziste, men orè ak règleman admisyon an pa menm pou yo chak.

Kalifikasyon Fanmi. Fanmi yo ka kalifye pou èd abri pou Ijans., men règ yo sevè anpil, epi pa gen garanti w ap antre nan abri a. Ou dwe ap viv nan Massachusetts, satisfè kritè revni epitou ou dwe swa ansent oswa ou dwe gen timoun ki poko gen laj 21 ane. Epitou, rezon ki lakòz ou sanzabri a dwe se youn nan sa ki endike anba la a: sezi-ipotèk, lalwa sansire kay ou oswa apatman ou, ou retire kò ou nan kay poutèt vyolans, (nan moman an oswa nan dènye 12 mwa yo), degèpisman san-fot (ki ka gen ladan degèpisman nan lojman prive poutèt ou pa peye lwaye kote te gen chanjman nan sikonstans yo) oswa timoun yo ekspozé nan yon gwo risk pou sante yo ak sekirite yo. Si yo degèpi ou nan lojman sibvansyone, leta ka entèdi ou jwenn abri pou ijans pou 3 zan.

Fason pou Jwenn Èd. Fanmi Boston yo ta dwe aplike pou abri pou ijans fas-a-fas nan Depatman Èd Pwovizwa (Department of Transitional Assistance, DTA) ki nan 1010 Massachusetts Avenue. Moun yo kapab kontakte Biwo pou Establi Lojman (Office of Housing Stability) nan nimewo 617-635-4200 (peze 1) pou yo jwenn plis enfòmasyon sou chwa abri yo.

KONSÈY SOU ABRI POU IJANS POU FANMI YO

Pa refize yon plasman nan abri oswa w ap pèdi dwa ou pou jwenn abri a pou 12 mwa. Ou kapab konteste yon plasman ki twò lwen avèk kominote ou.

APANDIS: DEFINISYON YO

Repons: Repons lokatè a bay pou plent pwopriyetè kay la. Repons lan ta dwe prezante nenpòt defans lokatè a genyen pou degèpisman an ak nenpòt reklamasyon (kont-reklamasyon) lokatè a deklare kont pwopriyetè kay la, si tribinal la bay pèmasyon pou gen kont-reklamasyon. **Etap 3**

Kontestasyon: Yon pwosesis legal kote yo prezante yon ka devan yon tribinal siperyè pou revize desizyon yon tribinal enstans enferyè. **Etap 9**

Plent: Yon dokiman ki kòmanse yon dosye tribinal epi ki endike reklamasyon pwopriyetè kay kont lokatè a nan pwosedi pou degèpisman an. **Etap 2**

- Ofisye Lapolis: Yon fonksyonè piblik ki responsab pou sèten devwa tankou remèt papye tribinal epi egzekite jijman tribinal. **Etap 12**

Jijman-pa-Kontimas: Yon desizyon tribinal pran lè yon moun ki konsène nan pwosè pa prezante nan tribinal oswa pa fè yon aksyon dapre lòd tribinal la. Nan yon dosye degèpisman, si yon lokatè pa prezante nan tribinal, jijman an ta anfavè pwopriyetè kay la, epitou li kapab lakòz degèpisman ak dedomajman avèk peman lajan. **Etap 7**

Defans yo: Rezon legal oswa rezon ki baze sou reyalite ki fè lokatè a ta dwe genyen pwosè a. **Etap 3**

Diskriminasyon: Move tretman ilegal sou yon lokatè ki baze sou; laj li, ras li, peyi kote li fèt, sèks li, preferans seksyèl li, andikap li, relijyon li, si l ap resevwa èd pou lwaye, prezans timoun, oswa lòt karakteristik pwoteje yon manm fanmi an. **Etap 3**

Degèpisman: Pwosesis legal kote yon pwopriyetè kay retire yon lokatè nan pwopriyete a. **Etap 1**

Egzekisyon: Yon dokiman legal ki bay yon pwopriyetè kay dwa pou mete yon lokatè deyò nan apatman an. **Etap 10**

Tribinal ki Okipe Afè Lojman: Yon tribinal ki tande sèlman konfli pwopriyetè kay/lokatè. Gen yon Tribinal nan Boston ki Okipe Afè Lojman ki gen jiridiksyon tout kote nan Vil Boston. Adrès Tribinal ki Okipe Afè Lojman nan Boston se Edward Brooke Courthouse ki nan 24 New Chardon Street. **Etap 7**

Avoka pou Jou a: Yon pwogram Tribinal ki Okipe Afè Lojman kote avoka volontè ede lokatè yo. **Etap 7**

Kontra Lwaye: Yon kontra ant pwopriyetè kay ak lokatè ki bay lokatè a dwa pou viv nan apatman an pou yon sèten kantite tan, pou yon kantite lajan pri lwaye ki presize. Kontra lwaye a ka gen dispozisyon ki eksplike ki aksyon yo aksepte oswa pa aksepte. **Etap 1**

Medyasyon: Lokatè a ak pwopriyetè kay la dakò pou chita avèk yon moun ki resevwa fòmasyon pou ede rezoud konfli. Moun sa a ap travay pou konprann toulède moun ki konsène nan pwoblèm nan epi pou jwenn yon solisyon. Si toulède moun ki konsène yo dakò, ka degèpisman an p ap kontinye nan yon pwosè. **Etap 6**

Mosyon pou Anile: Nan yon ka degèpisman, yon mosyon lokatè mande tribinal la pou “rejte dosye pwopriyetè kay la. **Etap 3**

APANDIS: DEFINISYON YO

Degèpisman san-fot: Egziste lè yon lokasyon san kontra lwaye pou tan kout oswa lè kontra lwaye a fini oswa rezilye pou nenpòt rezon, oswa pou yon rezon ki pa asosye avèk yon vyolasyon kontra lwaye a oswa poutèt lokatè a pa peye lwaye a. **Etap 1**

non-Peman lwaye: Degèpisman ki baze sou lè lokatè a pa peye lwaye a. **Etap 1**

Avi pou Kite Apatman: Avi alekri yon pwopriyetè kay bay lokatè a pou mande lokatè a pou soti nan apatman nan yon sèten dat, pou fini lokasyon li. **Etap 1**

Jwisans Trankil: Dwa pou viv nan yon kay san nuizans ki pa rezonab. Kòm yon defans kont degèpisman, pwopriyetè kay la oswa yon moun ki anba kontwòl pwopriyetè kay la reprezante yon nuizans pou jwisans lokatè a nan kay li, akòz bwi egzajere, lafimen. Odè, elatriye. **Etap 3**

vanjans: Lè yon pwopriyetè kay aji kont yon lokatè apre lokatè a angaje nan yon aktivite legal. Aksyon pou vanjans lan ka gen ladan degèpisman, ogmantasyon pri lwaye a oswa lòt tretman negatif. **Etap 3**

Aranjman: Yon akò moun opoze ki konsène yo jwenn pou rezoud konfli a san pa gen yon jijman nan tribinal. **Etap 6**

Cherif: Responsab ofisyèl piblik pou sèten fonksyon legal, tankou remèt papye tribinal epi egzekite jijman tribinal. **Etap 7**

Sispansyon Egzekisyon (Mosyon pou Sispann degèpisman): Yon reta nan egzekisyon yon lòd tribinal Nan kontèks degèpisman, lokatè a mande jij la pou ranvwaye degèpisman an pou apeprè sis mwa (oswa 12 mwa si yon moun nan kay lokatè a andikape oswa gen laj 60 tan oswa plis) pou li kapab jwenn nouvo lojman. **Etap 9**

Rezime Pwosesis: Yon lòt tèm pou pwosesis degèpisman, tankou pwosè a. **Etap 2**

Asiyasyon pou Prezante nan Tribinal ak Plent: Dokiman bò pwopriyetè kay la dwe remèt lokatè a pou kòmanse pwosedi tribinal la pou degèpisman. Asiyasyon pou Prezante nan Tribinal ak prezante a, lè pou prezante a ak lè ou dwe bay yon repons. **Etap 2**

Lokatè san Kontra Lwaye: Lè yon lokatè ap viv nan yon apatman san yon kontra lwaye men avèk pèmasyon pwopriyetè kay li. Sa a se kalite lokasyon ki pi komen. Li se yon lokasyon mwa-pa-mwa tou. **Etap 1**

Vyolasyon Dispozisyon Kontra Lwaye (kalite degèpisman): Lokatè yo ka anba degèpisman pou aksyon yo pa gen pèmasyon pou fè nan kontra lwaye yo. **Etap 1**

Garanti pou Anviwònman Abitab: Sa egziye pwopriyetè kay la pou kenbe pwopriyete li an sekirite ak abitab, pou li konfòm avèk Kòd Sanitè ak Kòd konstriksyon Eta a. **Etap 3**



NÒT





City of Boston
Mayor Martin J. Walsh



NEIGHBORHOOD
DEVELOPMENT

